Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого, лъилъе, нилъ гьечІого, хур.
Инхоса ГІали-хІажи

# Гумбет

www. mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



## Гумбет районалъул газета

№ 39 (6439) 20 июль 2015 с. Итни Шаввал 1436 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

ХІурматиял районцоял, диналъул вацал ва яцал!

Баркула нужеда нилъеца хІурматияб куцалъ ва рохалилаб, цоцаздаса разилъиялъул ахІвал-хІалалда нухда регІараб КІалбиччаялъул гІид!

Аллагьас ккурал кІалалги гьабураб гІибадатги аза-азариде бахинабун, къабул гьабеги. Рамазан моцІалъул баракатги нилъеда тІаса унгеги. ТІаде-тІадеялъулги Аллагьас рамазан моцІ, балагь-кьварилъиялдаса цІунун, тІаде щваги, гьеб тІадегІанаб даражаялда тІобитІизе тавпикъги кьеги. Амин!

Гьарула щивасе талихІ, рохел, икъбал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев,**
**районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

БУХУЛЕБ БУГО ЦІУМУР

# 28 цІалдохъанасе аттестат щвезе гьечІо

## ЕГЭялъул хІасилаз хІукму къотІулеб буго

**ЛъугІана цогоял пачалихъиял экзаменал. Гьаруна гьелъул хІасилал. Гьел кин тІоритІарал? Гьел ва гьел гурел цогидал суалалгун «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадовгун.**

### МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул 14 выпускникасе исана аттестат щоларо

**- Исана цогояб пачалихъияб экзамен бакълъулазул районалда чан чияс кьураб?**

- Кинабниги исана цогояб пачалихъияб экзамен кьезе хъвай-хъвагІай гьабун букІана 146 чиясул. Гьездасан 105 исана 11 класс лъугІунел, 21 цересел соназ школал лъугІарал ва 20 чи гъоркьиса ЕГЭ кьун аттестатал щвечІого хутІарал.

**- Экзаменазул хІасилал кинал ккарал?**

- ГІурус мацІалъул цІалуда хадургъей 87 проценталде, хІисабалъул 74 проценталде бахана. ГІурус мацІалъул экзамен кьуна 100 цІалдохъанас. Гьезда гьоркьоса 13 цІалдохъанасда экзамен кьун бажаричІо. ХІисабалъул экзамен бикьун букІана 2 бутІаялде: базовияб ва профильнияб. Кинавниги экзамен кьурав 100 цІалдохъанасда гьоркьоса 26-ясда экзамен кьезе кІвечІо.

ГІурус мацІалъул экзаменалда 100 процент цІалуда хадургъей бихьизабуна Аргъвани, ТІад Инхо, Данухъ, Ингишо, ЛъаратІа гьоркьохъел школаз. Данухъ гьоркьохъеб школалъул цІалдохъан Хъандулай Багьавудиновалъе гІурус мацІалъул экзаменалъе щвана 90 балл. Гьеб ккола районалда экзаменазда щвараб бищун цІикІкІараб балл.

ХІисабалъул экзаменазул цІалуда хадургъей 100 проценталде бахана Аргъвани, Данухъ, Игьали, ЛъаратІа школазул. ХІисабалъул профильнияб экзамен 74 баллалда кьуна ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул цІалдохъан Заира ГъазимухІамадовалъ.

ГІурус мацІалъул экзаменалъе загІипаб лъай букІин бихьизабуна ЦІиликь, МелъелтІа школаз, хІисабалъул МелъелтІа, Гьарадирихъ, ТІад Инхо, Ингишо, Килалъ, Гъоркь Инхо гьоркьохъел школаз. Щибаб школа ккун абуни, гьадинаб сурат буго.



Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалдаса ЕГЭялда гІахьаллъарав 8 чиясда гьоркьоса гІурус мацІалъул 1 чиясда, хІисабалъул 3 чиясда кьун бажаричІо.

ТІад Инхо гьоркьохъеб школалдаса 3 цІалдохъан гІахьаллъана экзаменазда. Лъабасго кьуна гІурус мацІалъул экзамен, хІисабалъул экзамен кьун бажаричІо цо цІалдохъанасда.

Ингишо гьоркьохъеб школалъул 3 выпускникас кьуна гІурус мацІалъул экзамен, цо цІалдохъанасда бажаричІо хІисабалъул экзамен кьун. Гьеб школалдаса цо чиясе аттестат щоларо.

Килалъ гьоркьохъеб школалдаса 6 цІалдохъанасдасан цоясда гІурус мацІалъул 2-ясда хІисабалъул экзамен кьун бажаричІо. Гьеб школалъул 2 чиясе аттестат щвезе гьечІо.

Экзаменазда бищунго загІипаб лъай бихьизабуна МелъелтІа гьоркьохъеб школалъ. Гьеб школалдаса 29 чиясда гьоркьоса 6-ясда гІурус мацІалъул, 14-ясда хІисабалъул экзамен кьун бажаричІо. Гьеб школалдаса исана 14 чиясе аттестат щвезе гьечІо.

Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалдаса 6 цІалдохъанасда гьоркьоса цоясда гІурус мацІалъул, 2-ясда хІисабалъул экзамен кьун бажаричІо. 2 чи хутІана аттестат щвечІого.

ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школалдаса 8 цІалдохъанасда гьоркьоса цо цІалдохъанасда бажаричІого гІурус мацІалъул экзамен кьун.

ЦІиликь гьоркьохъеб школалдаса ЕГЭялда гІахьаллъарав 4 чиясда гьоркьоса 1 цІалдохъанасда гІурус мацІалъул ва хІисабалъул экзаменал кьезе кІвечІо. Гьенивги 1 чи хутІана аттестат щвечІого.

ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалдаса 13 цІалдохъан гІахьаллъана ЕГЭялда. Гьезда гьоркьоса гІурус мацІалъул 1, хІисабалъул 2 цІалдохъанасда экзамен кьун бажаричІо. Аттестат щвечІого хутІула 2 цІалдохъан.

### Меседил медалал - Макка МухІамадзагьидовалъе ва Заира ГъазимухІамадовалъе

**- Жидецаго тІаса рищарал экзаменал кьеялъул хІасилал кинал ккарал?**

- Араб соналда дандеккун, гьаб соналда гьоркьохъел баллал цІикІкІана биологиялъул, тарихалъул, химиялъул, обществознаниялъул, физикаялъул. Гьоркьохъел баллал дагьлъана, араб соналда дандеккун, информатикаялъул, географиялъул, гІурус литератураялъул. Жидецаго тІаса рищарал гьел предметазеги загІипаб лъай букІин бихьизабуна цо-цо школазул цІалдохъабаз.

Мисалалъе цо-цо чІахІиял школал росилин.

МелъелтІа гьоркьохъеб школалдаса обществознание тІаса бищарав 20 цІалдохъанасда гьоркьоса гьеб кьезе кІвана гІицІго 2 чиясда, тарихалъул предмет тІаса бищарав 14 цІалдохъанасда гьоркьоса 4-ясда гурони гьеб кьезе кІвечІо. Биологиялъул предмет тІаса бищарав 10-ясда гьоркьоса щугоясда кьун бажаричІо. Экзаменазул хІасилазухъ ралагьидал, гьеб школалда бачІунеб цІалул соналда кІвар кьезе ккола хІисабалъул, информатикаялъул, тарихалъул, обществознаниялъул ва цогидалги предметазде.

Игьали гьоркьохъеб школалдаса обществознание тІаса бищаравункъоясда гьоркьоса кІигоясда, биология тІаса бищарав анлъгоясда гьоркьоса лъабгоясда экзамен кьезе кІвечІо.

**(Ахир-кІиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Реформатор поэтики Али-гаджи из Инхо**

-2 стр.



**ХІасратаб рокьиги боркьараб ццинги**

-3 гьум.



**Будапешталда – нахъеги танкал**

-3 гьум.



**Шамил имамасул РочІчІоб щулалъи**

-4 гьум.

КОЛОНКА ГЛАВНОГО РЕДАКТОРА

# Реформатор поэтики Али-гаджи из Инхо

**Али-гаджи из Инхо – классик дагестанской литературы, основоположник аварской литературы, поэт, философ, просветитель, сатирик, реформатор аварского языка, поэтики, ученый-арабист, яркая, неординарная личность.**

Али-гаджи из Инхо жил в 1845–1891 годах XIX века. Общественно-политический строй того времени и трагические события, свидетелем которых был поэт, нашли отражения в его произведениях. Поэт обращается к жанру эпической поэмы «Шамиль», создав яркий, величественный образ предводителя национально-освободительной борьбы горцев Кавказа.

Для дагестанской литературы досоветского периода характерно влияние культуры и литературных традиций Востока. Также в досоветской литературе Страны гор превалирует религиозная тематика. В творчестве Али-гаджи из Инхо особое место занимает сентенция духа и духовности. Поэт воссоздает эпические, исторические картины из жизни пророка Мухаммада. Одним из таких крупных полотен художника, мастер слова является поэма «Взятие Мекки».

Известный литературовед, доктор филологических наук Чакар Юсупова в монографии «Художественный мир Али-Гаджи из Инхо» пишет:

«Али-гаджи из Инхо – один из ярких представителей блистательной когорты дагестанских поэтов второй половины XIX в. Так же, как даргинец Омарла Батырай, кумык Йирчи Казак, лезгин Етим Эмин, Али-Гаджи открыл новую страницу в истории культуры своего народа, сменив уходящую в глубь веков традицию арабоязычной литературы на самобытные художественные традиции своего народа и положив тем самым начало развитию аварской литературы на родной языковой основе.

Поэзия Али-гаджи еще при жизни поэта снискала признание и любовь народа. Широкое хождение и популярность имели его дидактические стихи, мудрые изречения и назидания, религиозные проповеди и песнопения, элегии и сатиры».

Поэзии Али-гаджи из Инхо присущи глубокая философичность, афористичность, символизм, яркость образов, эпитетов и других художественно-выразительных средств. Али-гаджи был настоящим энциклопедистом-просветителем. Одно из его крупных произведений носит название «Море разума». Сам Али-гаджи из Инхо стал морем разума, мысли, поэтики, философии.

«Али-гаджи из Инхо занимает особое место в историко-литературном процессе аварского народа. Он является новым связующим звеном между предыдущим этапом художественного мышления народа и последующим периодом его бурного развития и расцвета во второй половине XIX века.

Поэт перенял все лучшее из творческого наследия своих предшественников и заложил традиции новой, более высокой художественной системы. Являясь центральной фигурой национальной литературы, он в то же время представляет собой одну из ярких ее высот, непревзойденных до сегодняшнего дня.

Он своим творчеством сумел воспариться над своим временем, обосновать и провозгласить средствами высокой поэзии и мудрым словом программу обновления и переустройства духовной жизни народа, в основу которой должен лечь культ разума, науки, культуры, просвещения и образования. Али-гаджи, как и художник, щедро наделенный ярким талантом, сумел повернуть руль национальной художественной культуры к профессионализму, поэтичности, литературности.

В его облике пред нами предстает подлинный поэт в самом высоком значении и понимании этого слова», - так охарактеризовал роль и значение Али-гаджи из Инхо в дагестанской литературе исследователь словесности, профессор Сиражудин Хайбулаев.

В Дагестане широко, масштабно отмечаются юбилеи Али-гаджи из Инхо. В 1995 году на праздновании 150-летия классика из Инхо в его родном ауле выступили такие известные политические, общественные, научные деятели, как действующий Глава Дагестана Рамазан Гаджимурадович Абдулатипов, академик Российской академии наук Гаджи Гамзатович Гамзатов и многие другие. Юбилейные мероприятия прошли при стечении большого количества людей. Али-гаджи из Инхо по праву пользуется всенародной любовью. Являясь истинным народным поэтом, Али-гаджи всегда был и остается с народом, его произведения знают наизусть, передают из поколения в поколение, как устное народное творчество.

Очередной, 160-летний юбилей Али-гаджи из Инхо в Дагестане отпраздновали не менее масштабно. Торжественные мероприятия прошли и в родовом селении поэта, в Верхнем Инхо, и в районном центре Гумбетовского района, в селе Мехельта, и в столице Дагестана, в Махачкале, и в селении Эндирей Хасавюртовского района, в котором похоронен поэт. В Институте языка, литературы и искусства имени Гамзата Цадасы Дагестанского научного центра Российской академии наук прошла научно-практическая конференция, посвященная Али-гаджи из Инхо. Были переизданы книги мыслителя. Вышли монографии, по-новому раскрывающие «белые пятна» в жизни и творчестве поэта.

Произведения Али-гаджи из Инхо входят в школьную хрестоматию по дагестанской литературе, изучаются в средних и высших учебных заведениях республики. Именем Али-гаджи из Инхо названы средняя школа в селе Верхнее Инхо, улица в городе Хасавюрте…

Президент России Владимир Владимирович Путин объявил 2015 год Годом литературы. На открытии Года литературы в Гумбетовском районе Дагестана отметили важность и значимость литературного наследия Али-гаджи из Инхо не только как поэтического, эстетического явления, но и как мощного ресурса для привития подрастающему поколению традиционных, гуманистических ценностей, воспитания молодежи в духе патриотизма, возрождения в обществе культа чтения и образования.

В Гумбетовском районе сильны поэтические традиции. В этом году на республиканском уровне пройдет празднование 170-летнего юбилея классика дагестанской литературы Али-гаджи из Инхо. На юбилейные торжества приглашаются делегации соседних районов Нагорного Дагестана, а также – представители Ножаюртовского района Чеченской Республики, граничащего с Гумбетовским районом. В Дагестане объявлен конкурс на лучшее чтение произведений Али-гаджи из Инхо. Победителям будут вручены специальные призы и грамоты. Из селения Верхнее Инхо в село Эндирей, в котором покоится Али-гаджи, будет организован автопробег. В школах пройдут уроки, посвященные жизни и творчеству Али-гаджи, в республике запланированы выставки книг в честь юбилея классика, али-гаджиевские чтения и другие культурно-массовые мероприятия.

Запланировано назвать в честь Али-гаджи из Инхо одну из улиц Махачкалы и центральную библиотеку Гумбетовского района.

Присутствовавший на открытии Года литературы в Гумбете председатель Правления Союза писателей Дагестана, народный поэт Магомед Ахмедов отметил: «Аварская литература второй половины XIX века освещена талантом Али-гаджи из Инхо, обогащена его «морем разума», пленена его лирикой, разбужена сатирой, увековечена афоризмами и наставлениями. Али-гаджи – поэт, Али-гаджи – ученый, Али-гаджи – оплот духовности…»

Перефразируя Александра Пушкина, мы можем сказать, что к Али-гаджи из Инхо никогда не зарастет народная тропа. Произведения Али-гаджи из Инхо – золотой фонд дагестанской литературы, культуры.

# 28 цIалдохъанасе аттестат щвезе гьечIо

(Авал-тIоцебесеб гьум.)

Жидецаго тIаса рищарал предметазул загIипаб лъай букIин бихьизабуна гьединго ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул выпускниказги. Обществознание тIаса бищарав 9-ясда гьоркьоса 5-ясда кьезе кIвечIо, тарихалъул экзамен тIаса бищун букIана 2-яс, цонигиясда кьун бажаричIо, биология тIаса бищарав 7-ясда гьоркьоса гIицIго цояс кьуна. 6-яс тIаса бищун букIана химиялъул предмет, цонигиясда кьун бажаричIо.

ЦIияб Аргъвани школалъул 6 выпускникас тIаса бищун букIана обществознание, 2-ясда гурони кьезе кIвечIо. Тарихалъул предмет тIаса бищун букIана 3-яс, цояс гурони кьечIо, биология 2-ясда гьоркьоса цонигиясда кьезе кIвечIо.

**- Ругищ тIокIлъиялда, медалалда гьоркьохъеб школа лъугIарал выпускникал?**

- Руго. КIиго выпускникасе щвана меседил медаль. Гьел ккола ЛъаратIа гьоркьохъеб школалдаса Макка МухIамадзагьидова ва ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалдаса Заира ГъазимухIамадова.

**- ИчIабилеб классалъул цIалдохъабазул аслияб пачалихъияб экзаменазул хIасилал кинал ккарал?**

- Абизе бегьула гьел хIасилал цIакьго лъикI кканин. ХIисабалъул цIалуда хадургъеб 98,8%, гIурус мацIалъул 95,3 % бахана. ГIурус мацIалъул ва хIисабалъул экзаменазда гIахьаллъана 170 цIалдохъан. ХIисабалъул экзамен кьун бажаричIев 2 цIалдохъан (ЦIиликьа 1, ЧIиркъатIаса 1), гIурус мацIалъул экзамен кьечIев 8 цIалдохъан (Игьалиса - 2, Килалъа – 1, ЦIияб Аргъваниса – 2, ЦIиликьа – 2, Кунзахъа – 1) 9 июлалда, апелляцияги хъван, ритIана Лъайкьеялъулминистерствоялдацебе гIуцIараб комиссиялде. Гьелъул хIасилал жеги лъачIо.

9 класс лъугIарав 17 выпускникасе щвана тIокIлъигун аттестат.

Гара-чIварана ГIайшат Исламбиева

ЧЕРХАЛДА ГIЕТI ЦIИРИЧIЕБ БОЦIИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

# 5939 тонна харил

## Фермераз – 2620, СПК-яз - 3319

**Бакълъулазул гIаммал магIишатазда хасалие рагIи-хер хIадурулеб буго.**

- Бабаюрталъул зонаялда ругел бакълъулазул СПКязул хъутабазда гIаммаб гIи-боцIуе рагIи-хер хIадури тIадбан унеб буго, - ян бицана Гумбет районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул агроном **ХIайбула Нажмудиновас.** 13 июлалде СПКяз хIадурун буго 3319 тонна харил. ГIадамаз жалго бетIергьанаб гIи-боцIиялъе хIадурун буго 2620 тонна. Кинабниги гьеб ккола 5939 тонна.

Щибаб СПКялъ хIадурараб батIа-батIа бихьизабуни: «Мехельтинский» СПКялъ - 949, «Цилитлинский» СПКялъ - 410, Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ - 350, «Данухский» СПКялъ - 250, «Тляратинский» СПКялъ - 300, «Цундинский» СПКялъ - 470, «Щабдухский» СПКялъ - 300, «Ингишинский» СПКялъ - 160, «Гадаринский» СПКялъ - 75, «Чиркатинский» ОООялъ - 20 тонна.

СПКязул нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго хасалоялде гIаммаб гIи-боцIуе рагIи-хералъул щулияб нахърател букIинабизе.

ГIайшат Исламбиева

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

# Тарихалъул лъалкIал цIехон...

## Хасавюрталъул педколледжалъул ТОКСалъул сапарал

**Гумбет районалъул Гьарадирихъ школалда 9 классги лъугIизабун, дун цIализе ана Хасавюрталда бугеб педколледжалде. Нижее дарсал кьолел преподавательзабазда гьоркьов лъикIаздасан цояв ккола Болатхан Халилулаев. Студентазе бищунго бокьула зама-заманалда гьевгун цадахъ сапаралъ ине.**

Болатхан Халилулаевас нухмалъи гьабула Хасавюрталъул педколледжалъул лъалкIал ралагьулезул багIараб кьокъаялъе (ТОКС). Гьединлъидал, сапаралги нижер гIемер рукIана. Гьеб хIалтIуда гьорлъе студенталги цIала Халилулаевас.

Дагъал церегIан ниж ун рукIана МахIачхъалаялде. Лъабго къоялъ рукIана гьенир. Щвана гIемерал бакIазде: тарихиял лъалкIал ралагьулезул республикаялъулаб штабалде, цо-цо редакциязде, тахшагьаралъул аслияб байданалде. Щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи рукъарал хабзалалъеги.

Сапаралъул аслияб мурад букIана лъалкIал ралагьулезул данделъиялда гIахьаллъи. ТОКСалъулазул кьокъаялъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицине дида тIадкъан букIана. Цоги районаздаса ТОКСалъулазги бицана жидецаго хIалтIи гIуцIулеб кьагIидаялъул. ГIемераб цIияб жоги лъан, тIадруссана ниж тахшагьаралдаса.

МухIарам Къурбанов

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ- 70 СОН

# ХIасратаб рокьиги боркьараб щцинги

## Щабхъал КIудияб ВатIанияб рагъда

**Ракълил къотIиги хвезе гьабун, рагъги лъазе гьабичIого, гIемерал улкаби кодоре росун, цIикIкIараб къуватгун балъго тIаде кIанцIарав рекIкIав тушманасда тIад бергьенлъи босиялъухъ, тIолабго улкагун цадахъги бахъун гьев щущахъ вихизе гьавиялъулъ жидерго бутIа лъуна бакълъулазул рахъалда, балъхъадерил гIорхъода, ГIанди гIорулъе унеб, мугIрул лъарал ботIрода, гьитIинабго тIалда тIад бугеб Щабдухъ росдал гIадамазги.**

50-60 гурони цIараки гьечIеб Щабдухъ росулъан, улкаялъул ахIиялъе жавабги гьабун, ВатIан цIунизе къватIиве вахъана 41 чи. ВатIан цIунизе рахъин цIар гIадин лъугьун букIана гьеб заманалда. Мадугьалги рагъде ун, дун рокъов щиб гьабулевин, вацги рагъде витIун, дун анив хутIизе бегьилищин абурал пикрабазда хIалтIулел рукIана гIолохъаби. Бертабалъе унел гIадин рохалида регIулаан гIолохъаби росуцояз, гьединабго рохелгун гьабулаан къо-лъикI гIолилаз росуцоязулгунги. РакIалдаса унаро ВатIан цIунизе унел нухда регIизе рахъарал росуцоялги, гъоркь кьурдулел чуяздаги рекIун, «Нилъ ритIарал руго!», «Ниж бергьенлъигун тIадруссине руго!», - абун ахIделаго, гIагаралбожаразулгун къо-лъикI гьабулел гIолохъабазул къокъабиги.

Гьедин букIана киса-кибего тIолабго улкаялдаго, гьеле гьелъ кIвана нилъеда тушманасда тIад бергьенлъи босизеги. Амма киназего гуро гьеб битIунги ккараб, киналго гуро мурадалде щварал. Рагъдаса тIадвуссинчIо 24 чи.

1. **МухIамад ГIабдулкъадиров** хвана 1943 соналда, вукъун вуго Херсон областалъул Ольгино росулъ.

2. **МухIамадгIали ГIумаров** хвана 1942 соналъ, вукъун вугоТула областалъул Красное росулъ.

3. **ХIабибГIабдулкъадиров** хвана 1942 соналъ, вукъун вуго Сталинград областалъул Распопинская станицаялда.

4. **ХIажи МуртазагIалиев** хвана 1944 соналъ, вукъун вуго Ивано-Франковск



Щабдухъ КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе бараб си

областалъул Лобубка Лесная росулъ.

5. **Гъазихан Ордашов** хвана 1944 соналда, вукъун вуго Витебск областалъул Полоцк шагьаралда.

6. **ХIажимухIама Сахродинов** хвана 1945 соналъ, вукъун вуго Германиялда Люблен шагьаралда.

ХутIарал 18 – язул гьаб жакъа къоялдеги я хвараб заман, я рукъараб бакI лъалеб гьечIо, цIикIкIарасезул цIарал араб бакI лъачIого тIагIаразда гьоркьор рехсон руго. ГIусман АхIматIханов, МухIамад ГIамирханов, СайгидхIосен ГIалихIажиев, ГIумардибир ГIабдукъадиров, ГIусман ГьоцIоев, СагIит МуртазагIалиев,ГIабдурахIман МуртазагIалиев, Гъазилав МухIидинов, Абакардибир МуртазагIалиев, ГIалихIажи МуртазагIалиев, ТIайгиб МухIамадов, Абакар МухIамадов, ХIажи Мусаев, НурмухIамад Нуридинов, ГIумар Сайпилаев, ХIасандибир ХIажиев, Зайид Шахтимиров, МухIамад Юсупов.

Щабдухъ росулъ ВатIан цIунизе цо рокъосан лъабгоял араб ккун буго лъабго хъизан:

1. **ГIабдукъадировал** – МухIамад, ГIумардибир ва ХIабиб, цонигияв тIадвуссинчIо.

2. **МуртазагIалиевал** – СагIид, ГIабдурахIман ва ХIажи, цонигияв тIадвуссинчIо.

3. **МуртазагIалиевал** – Абакардибир, ГIалихIажияв ва Шамхал, кIигоял нахъруссинчIо (Абакар ва ГIалихIажияв).

КIигоял цо рокъосан арал ккун буго анлъго хъизан:

1. **МухIамадовал** – ТIайгиб ва Абакар, цонигиял тIадруссинчIо;

2. **ШайихмухIамадовал** – ХIосен ва ГIабдулхIамид, кIиялго тIадруссана;

3. **Гъазиханилал** – Гъазихан ва ШагIман, Гъазихан тIадвуссинчIо.

4. **Сайпиласулал** – ГIумар ва ГIабдула (ГIумар тIадвуссинчIо).

5. **ГIабдуманапилал** – ГъазимухIамад ва Камил кIиялго тIадруссана.

6. **Шахтимировасулал** – Зайид ва Ахъбердилав (Зайид тIадвуссинчIо)

Жигараб гIахьаллъи ВатIан цIунулезул мухъалъги гьабун, рагъулал шапакъаталгун ракълилаб гIумруялде тIадруссаразул цIикIкIарасез гьединабго жигарчилъи бихьизабуна росулъ гьарулел хIалтIабаздаги: ХIусен ГIумаровас, ГIабдулхIамид ШайихмухIамадовас, МухIамад Мурадовас, ШагIман Ордашовас, Ахъбердилав Шахтимировас, ГIубайдулагь ХIажиевас, ГIабдула ХIажиевас, ХIамзатхIажи МухIамадовас, Пахро ГIабдулатIиповас ва цогидазги.

Рагъда бихьараб гIакъубаялъ, гьенир щварал ругъназги дагь-дагьккун нилъедаса ратIалъана гьелги. Жакъа къоялде гьезул нахъе хутIун вуго цохIого цо ГIабдулхIамид ШайихмухIамадов, канлъукълъун вугониги, жеги гIураб сахлъиялда вугев.

Рагъда гIахьаллъизе тIадехун рехсараб къадар бихьиназул ин гуребги, тушманасда тIад бергьенлъи босиялъулъ цIикIкIараб бакI ккуна росулъ хутIаразги, хасго руччабаз. Гьез хисана рагъде арал умумул, росал, вацал ва васал, къаси-къад заман гьечIого хIалтIана гьел гIаммаб магIишат цебетIезабиялда тIад, гьабуна жидерго ругел ресаздасан фронталъе кумекги гIарцудалъун, ратIлидалъун ва нигIматаздалъун.

ЦIикIкIараб гIакъуба ва захIмат тIаде бегун букIана хIалтIул гIумруялдего рахинчIел гIолохъабазде. Гьезде гьоркьоре ккола: Шигьабудин ХIажиев, ХIамзат Нуридинов, МухIамадсултан ХIасандибиров, Набигула Юсупов, Ордаш Асадулаев, ТIагьир Мажидов, МухIамад Малачиев, МухIамад Гъвайтимиров, ГIали ГIубайдулаев, МахIмуд Дибиров, Ниязбег Мирзабегов, МухIамаднаби Мурадов, НурмухIамад Гъазилаев, ГIалидибир ГIусманов ва цогидалги.

Гьезулги ва гьебго гIелалъул руччабазулги жакъа нахъе руго: Шигьабудин ХIажиев (Щабдухъ), НурмухIамад Гъазилаев (Первомайск), ГIалидибир ГIусманов (Гамиях), ГIали ГIубайдулаев (Хасавюрт). Жамилат ГIамирханова, КIодо Гъазилаева, Рукъигат Дибирова, Напизат ХIажиева, МадихIат Сахродинова, (Гамиях), Пирайзат Ордашова (Гамиях), Мугьимат ШайихмухIамадова (Гамиях), Асмарат Шахтимирова (МахIачхъала).

РакI-ракIалъул баркалаялъеги ва КIудияб ВатIанияб рагъда бергьун 70 сон тIубаялъул юбилеялъулал шапакъатазеги мустахIикъалги руго гьел киналго.

ТIадехун рехсарал киназулго ракIбацIцIадаб захIматалъе мустахIикъаб къимат кьуна хIукуматалъги:

«Багьадураб захIматалъе гIоло» («За доблестный труд») медалалъе мустахIикълъана:

Хадижат ГIумардибирова, Алпасанат Вашалаева, КIодо Гъазилаева, Чакар Вашалаева, Рукъигат Дибирова, Халит ГIалихIажиев, Жамилат ГIамирхандибирова, Шагърузат Нуцалахъаева, ПатIимат ГIубайдулаева, ХIажи Юсупов, Ордаш Дибиров, Ирайгьанат Нуридинова, Аслипат Нуридинова, Наипат Нуридинова, ХIамзат Нуридинов, Напизат ХIажиева, Зайидхан ХIамзатов, ГIубайдула ХIажиев, Нуцалахъай ГъазимухIамадов, ХIасил Охъмазова, ГIалидибир ГIусманов.

«Кавказ цIуниялъе гIоло» медалалъе мустахIикълъана:

Хадижат Тимирхандибирова, Хадижат АхIматIханова, Усаймат МуртазагIалиева, Ханзадай Мурадова, ХIажи Юсупов, ГIубайдула ХIажиев, Ирайгьанат Нуридинова, Шагърузат Нуцалахъаева, РайхIанат ТIайгибова, Умижат ГIумарова, Асадулагь Ордашов.

Гьеле гьединаб буго бакълъулазул гьитIинабго росдал гIадамаз КIудияб ВатIанияб рагъулъ рекIкIав тушман щущахъ виххизе гьавиялъулъ лъураб гьитIинабго бутIа.

**АхIмад Дибиров**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# Будапешталда – нахъеги танкал

## Венгриялъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчи ЧIиркъатIаса Гьимат АбакархIажиев

**Гьимат АбакархIажиев гьавуна 1934 соналда Гумбет районалъул ЧIиркъатIа росулъ. ЛъикIал къиматаздалъун гIагараб школаги лъугIизабун, цIализе лъугьана Буйнакск шагьаралда бугеб агрономал хIадурулеб курсазде. ХIалтIана участковияв агрономлъун ЧIиркъатIа, Инхо, Килалъ, Гъадари росабалъ.**

1954 соналъул 16 октябралда Гьимат АбакархIажиев ахIана Советияб Армиялде тIадаб налъи тIубазе. Байбихьуда хъулухъ гьабуна Украинаялда – Белая Церковь, Хмельницк, Чернигов, Остер шагьаразда. ХIалтIана 85 мм гIарадаялъул командир -наводчиклъун. Гьеб заманалда Венгриялда багъарана КПССалде данде бахъараб Венгриялъул дандечIей.

Венгриялъул тахшагьар Будапешталда комендантазул часталде тIаде кIанцIун, гьел чIван, бицун хIалкIоларел гIемерал биял тIуна данде рахъараз, кIиго моцIица гьоркьоса къотIичIого. Гьимат АбакархIажиевас хъулухъ гьабулеб часталъ, данде рахъарал гIадамаздаса къватIал, минаби, подвалал рацIцIад гьарулел рукIана.

Главнокомандующий Коневас гьезие буюрухъ кьуна: «Гьужум гьабе, тIагIинаре», - ян. Гьимат АбакархIажиевасда ва гьесул гьалмагъзабазда гьа базабуна, операция гьабулелъул, гIадамазул балъголъи цIунизе. Мятеж чIинтIизабуна, къинабуна 1957 соналъул 7 январалда.

1986 соналда улкаялда бахъана указ, Венгриялъул мятеж щущазабурал рагъухъаби КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазда ращад гьарураб. Венгриялда Гьимат АбакархIажиев вукIана танкабазда дандечIараб хасаб дивизиялда. Гьесда цадахъ вукIана кIиго магIарулавги, гьезул цояв - Килалъаги, гьев гьенив чIвана, цогияв - Бекьилъа, гьев гьениса тIадвуссана.

Дагъистаналдаса чанго гIолилилав вукIана гьенив, гьел гIолохъабазда кIочонаро Венгриялъул лъугьа-бахъинал.

**Тажли МухIамадова,**
**ЧIиркъатIа маданияб централъул нухмалъулей**

# Хасавюртралъул педколледжалъул студентазул практика

## МугIалимлъи гьабизе куцулел руго

**Гумбет районалъул Гьарадирихъ росдал школа лъугIун хадуй, дун цIализе ана Хасавюрталъул педколледжалде. Практикаялъ Хасавюрталъул № 13 школалде ритIун рукIана. Дида цадахъ йикIана студентка Румайзат Къурбановаги.**

Дарсал кьолаан лъабабилеб «б» классалъул цIалдохъабазе. Классалда букIана 24 лъимер. Нижее рекIее гIуна гьеб классалъул цIалдохъабазул цIалуда хадургъейги гIадлуги. Нижецаги хIаракат бахъана практика цIалдохъабазул цIалуде гъира баледухъ нухда бачине.

ТIоритIулаан батIибатIиял расандаби, классалъулал сагIтал, васаз хIалаан футбол. ХIадурана КIудияб ВатIанияб рагъул темаялда баннер, кумек гьабуна гьеб школалъул учительзабазе классал берцинго къачIазе.

Практикаялъул заманалда нижеца гьабураб хIалтIудаса № 13 школалъул дирекция рази букIана.

**ХIалимат ХIасанова**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Шамил имамасул РочӀчӀоб щулалъи

### РочӀчӀоб магӀарде нух бахъун лъугӀана

**МухӀамад ГӀумарасхӀабов ккола Килалъ росдал жамагӀаталъул советалъул председатель, жамгӀияв хӀаракатчи, жиндир гьоркьоса хасаб лъай бугев, гӀезегӀан бакӀазда хӀалтӀун хӀалбихьи щварав. ГьабсагӀат хӀалтӀулев вуго килдерил РочӀчӀоб магӀарде нух бахъиялда тӀад. Гьесулгун букӀараб хабаралдасан баянлъана гьеб нух бахъиялъул хӀакъикъат.**

## РочӀчӀоб моцӀ бахъани, цӀиял гьуърул рижулила

**- Гьуниве инелде цеве Дагъистаналъул имам Шамил рештӀараб, гьес щулалъабиги гьарураб РочӀчӀоб магӀарде машинаби хьвадулеб нух бахъиялъе нухмалъи гьабулеб буго дуца. Бокьилаан гьенир гьарулел ругел хӀалтӀабазул бицине, пачалихъалъул кумекги гьечӀого, гьедигӀан кӀудияб проект рагӀалде кин бахъинабулеб бугебали лъазе.**

- Нух бахъизе байбихьиялъул иш ккана гьадин. РочӀчӀоб магӀарда бугеб росдал боцӀиялъе гьекъезе лъим гьечӀолъи хӀисабалдеги босун, КӀанчилъ магӀардасан рогӀралги лъун, лъим бахъизе нигатгун жамагӀаталда цебе дица суал лъураб мехалъ, гьез лъикӀаблъун рикӀкӀана цин гьенибе нух бахъи. Гьеб кӀудияб кумекги сурсаталги къваригӀунеб хӀалтӀи кколеблъиги киназдаго лъалеб букӀана. Дица абуна, жамагӀаталъ кумекги гьабулеб бугони, квербакъиги бугони, гьеб нух бахъиялъе хӀалтӀи гьабизе бугилан. Нух бахъизе лъималазе хӀухьбахъи гьабизе. Умумузул аби батана, РочӀчӀоб магӀарда цо моцӀ банани, цӀиял гьуърул рижулилан, гьединаб бацӀцӀадаб гьава бугеб бакӀ буго гьеб. Гьел киналго шартӀалги хӀисабалде росун, дидаго кигӀанго гӀакъуба бихьаниги, босун букӀана тӀаде гьеб нух бахъун лъугӀизабизе. ЛъагӀелгӀанаб заман унеб буго



РочӀчӀоб

пикру гьедин бижана.

Веденоса вачӀунаго, имам Шамилица щулалъаби гьарураб мукъадисаб бакӀги гьеб бугелъул, гьениб зиярат гьабизе бакӀги букӀинин пикру бижана. Цоги гьенир риидалил лагерал разеги ракӀалда буго мадрасабаздаса, школаздаса гьеб бахъизе байбихьаралдаса, гьеб лъугӀичӀого тезеги ракӀалда гьечӀоха.

## Бекьулеб ракьалъул 13 гектар

**-Лъил щвараб кумек, жамагӀаталъ кверчӀваниш, спонсорал, сахаватчагӀи, къайимчагӀи ругищ, гьеб нухде гӀарац биччалел?**

- Спонсоралги руго, гьаниб гӀарац гьечӀолъи лъани, кьола гӀарац - цояз 30-азарго, цояз 50-азарго, цогидаз нусазарго, гьедин рес бугел гӀадамаз гӀарац кьолеб буго, кумек гьабулеб буго. Кьвагьизе ккараб бакӀалде гӀадамал ритӀун рачӀуна, росдал гӀадамазги кӀварас-кӀвараб кумек гьабулеб буго, бульдозералгун хӀалтӀулев 3-4 чи камураб къо гьечӀо. Гьениве вахъунарев чиги росулъ гьечӀо, кӀоларез гӀарцудалъун гьабуна кумек. РочӀчӀоб магӀарде нух бахъун лъугӀана, гьенире машинабиги рахана. ГьабсагӀат хӀалтӀаби гьарулел руго гьеб шагьранух жеги гӀатӀид гьабиялъе.

**- Росдал администрациялъул дуе щиб кумек щвараб?**

- Гьезул кумек щиб букӀинеб, лесхозалъулгун ругел суалал, эхевеги ун, тӀуразарун руго администрациялъул бетӀерас. Гумбет районалъул бетӀер МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиевас гьабуна кумек – кӀинусазарго гьуруц рехана СМУялде гьел нухазда хӀалтӀи гьабизе, жинцагоги гьабуна гӀарцулаб кумек.

**- Росдал администрациялъул материалияб кумек гьечӀебищха?**

- Материалияб кумек гьезул щибха букӀинеб, росулъ хӀалтӀаби гьаризецин гӀолеб гӀарац гьечӀила бюджеталдаян абула гьез.

**- Бокьилаан спонсоразул цӀарал рехсезе.**

- **БатӀалов СайгидулбатӀалица** кьуна гьеб нух бахъизе С -100 трактор, 3-4 нухалда ритӀун рачӀана хӀалтӀухъаби, кьвагьизе кколел бакӀал кьвагьизе, жеги рачӀинеги руго. Тракторалда хӀалтӀулев вуго Кьохъ росулъа МухӀамад ТӀагьиров, гьесул махщалидалъун, жигаралдалъун гьарун рагӀалде рахъунел руго гьел хӀалтӀаби.

**- Гьениб рохьазе зарал кколеб бугищ?**

- Рохьазе зарал ккеларедухъ, гьоркьегӀанисан бахъун буго гьеб нух. Рохьазе зарал гьечӀо щибго.

**- Гьеб нухалъул росдае кинаб пайда бугеб?**

- РочӀчӀоб магӀарда буго бекьулеб ракьалъул 13 гектар, гьениб гӀадаб ламадур кибниги бижулеб батиларо. Гьенибе лъимги бачани, гӀечулги генулги ахал гӀезаризе бегьула.

Баркала, гьабулеб данде билълъаги.

***Гара-чӀвари гьабуна Исрапил Заирбеговас***

ХЪАХӀАЛ ХАЛГӀАТАЛ

# Кьохъ больницаялъул хӀалтӀухъабазе баркала

### Автоавариялда ккараб бека-биххи сахгьабуна

**Килалъ росулъа Арайсат ШапигӀовалъ бицана, машинаялъ аварияги гьабун, жий егизе кканила Кьохъ бугеб районазда гьоркьохъеб больницаялда. Гьеб больницаялъул бетӀерав тохтур ГӀиса ХӀажиевас жиндие 2 нухалъ операция гьабунила, гьесул гьунар-махщелалдалъун, гьежги хӀалтӀизе лъугьанила, щибго кварилъи гьечӀого.**

Гьеб больницаялда ругел хӀалтӀухъабазул гӀаданлъиялъулги гӀадамазул гьез гьабулеб тӀалабагьазалъулги бицана ШапигӀовалъ.

Арайсат ШапигӀовалъ аза-азар баркала загьир гьабулеб буго Кьохъ бугеб районазда гьоркьосеб больницаялъул бетӀерав тохтур ГӀиса ХӀажиевасе, больницаялъул хӀалтӀухъаби **МухӀамад Мухтаровасе, МухӀамад Набигулаевасе, ХӀамзат Мусаевасе,** сестраби **Рукьият Шарапудиновалъе, Хадижат Маликовалъе, Аминатие, ГӀаишатие,** жиндие гьабураб бакӀбацӀцӀадаб хъулухъалъухъ. Жий гӀадин, Аллагьги разилъагийин гьездасайилан абуна ШапигӀовалъ.

**Исрапил Заирбегов**

АВАРАЗУЛ КАЛАМ, ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ

# Аваразул пашманлъи - авар мацӀ лъачӀел лъимал

### Рахьдал гӀадаб мацӀ букӀунаро

**«ГӀагараб рахьдал мацӀ - авар мацӀ! Дир кинабго бечелъи, кинабго хазина, дир дарман, дир гьаракь». Дида эбелалъ, кинида ющун, малъараб, дие гӀола мун гӀумруялъего.**

Дунги рази йиго, тӀоцебе абуни, Расул ХӀамзатовас хъвавухъего, авар мацӀ лъачӀел лъимал аваразул пашманлъи кколеблъиялда, кӀиабизе бугони, цӀакъ пашманлъизеги бачӀунеб буго.

Щай? Щайгурелъул, кин кӀолеб кӀочон тезе гӀагараб мацӀ ва, бицине нечон ругилан, авар мацӀ рехун тезеги.

Дунялалдаго цӀар рагӀарав шагӀир Расул ХӀамзатовас абухъего: «Цо-цо росабалъа дир гьудулзаби, шагьараздe цӀализе аралго, эбел-инсул мацӀги рехун тун, батӀияб мацӀалъ хъвадаризе ва кӀалъазе лъугьуна... Амма, кӀиго мацӀалда хъвадарулаго, гӀемерисезул къисмат кӀиго хъарпуз цого хъатикь ккуразул гӀадаб букӀуна. Гьезул мацӀ я гӀурус гуреб, я магӀарул гуреб, гьурун бараб рохьалда рельараб букӀуна».

РачӀаха нилъ цӀакъ ракӀ унтун гӀенеккилин Расул ХӀамзатовасул гӀакъилаб каламалъухъ. Бокьун буго магӀарул мацӀ дидагоги лъазе, хадуб бачӀунеб гӀелалдаги лъан букӀине.

Бокьун буго гьеб хӀакъикъат киназдаго бичӀчӀизе ва абизе авар мацӀалъ жанире рачунин инсанги, гӀамалги, халкъги, тӀабигӀаталъул хиса - басиялги, сверухъалъиялъул берцинлъабиги, гьелъ нилъехье кьолин умумузул тарихги, харабазул гӀакълуги, арал соназул хӀакъикъатги...

Гьелъ ккола дида мацӀ гьечӀев чи эбелгьечӀ, эбел гьечӀев чи ватӀангьечӀ ругилан.

Бокьилаан эбелалъ кинидахъ дие кечӀ ахӀараб дир рахьдал мацӀ бачӀунеб гӀелалъ, аварал пашман ругичӀого, кӀочон течӀого, гьаваридго, тӀокӀкӀун бицине.

Щуго килищ биччан тани, тамахаб хъат букӀуна, щуябго данде къани, къвакӀараб зар лъугьуна.

РачӀа нилъецаги, гьаб кициялда абухъего, кинабго авар миллат данделъун, ахӀизин: «Авар мацӀ, дие мун гӀола гӀумруялъего!!» - ян.

***Шагьзадай Юсупова, МелъелтӀа аслияб школалъул авар мацӀалъул мугӀалим***

БетӀерав редактор ХӀамзат ГӀизудинов телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Кьурмагьиз ХӀадисова
Корреспондентал: ГӀайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Пушкинил къватӀ, 6

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1325
Газета къватӀибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.